

Chapit 5. Prensip jeneral pou elèv  
Seksyon 5.1891

Règleman 5.1891 **Metòd disiplin pou elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad Seksyon 504 Lwa 1973 Reyabilitasyon an ("Seksyon 504") ak Lwa pou Ameriken ki andikape yo ("ADA")**

1. Règleman disiplin sa a pou elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad seksyon 504 lwa fèt pou kapab an konfòmite ak lwa 6A-6.0331(8) Depatman Edikasyon Eta a, regleman Seksyon 504 la nan atik 34 C.F.R. Pati 104, ak atik 29 U.S.C. 794 ("Seksyon 504"). Pòsyon fraz ki di "kalifye pou resevwa sèvis nan kad Seksyon 504" la gen rapò ak elèv ki gen **plan akomodasyon aktif nan Seksyon 504 la**.
2. **Definisyon.**—Mo tankou sispansyon ak ekspilsyon elèv ki gen plan akomodasyon aktif nan Seksyon 504 la ap genyen siyifikasyon sa yo atravè règleman sa a:
  - a. **Sispansyon.**—Dapre Lwa § 1003.01(5)(a) Eta Florid [ak Règleman 5.1815], yo defini sispansyon, ki konn vle di tou sispansyon deyò lekòl la, kòm yon ranvwa tanporè nan lekòl piblik la pou fè elèv sispansyon suiv kèlkeswa klas l ap pran lekòl la ak pou pa vini sou lakou lekòl la ni nan kèlkeswa lòt aktivite lekòl la ap fè, eksepte si direktè(tris) la oswa reprezantan li otorize sa, pandan yon peryòd **ki pa dwe plis pase dis (10) jou lekòl (youn dèyè lòt)** ak ranvwaye elèv la sou responsablite paran responsab li ak yon seri devwadmezon byen detèmine pou elèv la fè lakay li.
  - b. **Ekspilsyon.**—Daprè jan sa defini nan lwa § 1003.01(6) Eta Florid ak Règleman 5.1817, ekspilsyon vle di ranvwa definitiv ak revokasyon dwa ak obligasyon elèv lekòl piblik la pou pa kontinye frekante lekòl la dapre kondisyon Konsèy administrasyon distri lekòl la tabli pou yon peryòd tan ki pa dwe depase rès tèm ane akademik la ak plis yon (1) ane eskolè. Ekspilsyon an kapab fèt avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif (dapre Seksyon (4)(f) ki pi ba a) ak dwe rapòte kòm sadwa.
  - c. **Re-evalyasyon.**—Elèv ki nan plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif ki rekòmande pou sispansyon pandan plis pase dis (10) jou, oswa pou ekspilsyon, dwe genyen yon lòt evalyasyon ki fèt pou yo ankò avan yo ta dwe fè gwo chanjman siyifikatif nan plasman yo, dapre jan atik 34 C.F.R. § 104.35(d) mande sa.
3. **Sispansyon elèv nan kad lwa Seksyon 504/ADA.**— Elèv ki gen plan akomodasyon Seksyon 504 la ki aktif dwe obeyi ak suiv règleman ak prensip ki nan kòd konduit pou elèv la. Elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad Seksyon 504/ADA a kapab jwenn sispansyon pou enfraksyon yo komèt, dapre jan sa defini pou tout elèv nan kad prensip 5.1812 oswa 5.1813 [ak Règleman 5.1815], ak restriksyon sa yo:
  - a. **Sispansyon pou dis (10) jou kimilatif oswa mwens.**—Y ap suiv metòd aplikasyon sispansyon elèv [ki nan Règleman 5.1815] pou tout elèv ki kalifye pou sèvis Seksyon 504/ADA la ak rekòmande pou dis (10) jou kimilatif.
  - b. **Nenpòt sispansyon ki depase dis (10) jou kimilatif.**—Okenn elèv ki kalifye pou jwenn sèvis nan kad Seksyon 504/ADA pa dwe jwenn sispansyon pou plis pase dis (10) jou kimilatif pandan ane eskolè a, **eksepte** atravè metòd sa a. Se direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li ki responsab kontwole tout sispansyon ki bay an seri oswa kimilatif **ATANSYON:** si yo ta refere yon elèv ki nan yon plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif pou resevwa tès ESE avan oswa pandan manifestasyon peryòd detèminasyon Seksyon 504 la, elèv sa a pwoteje anba lwa IDEA (Lwa Edikasyon pou moun andikape) pou kesyon disiplin. Kidonk, ekip manifestasyon an dwe trete elèv la tankou yon elèv ESE.
    - i. Direktè(tris) oswa reprezantan li dwe notifye ekip pliridisiplinè 504 la imedyatman lè yon elèv ki kalifye pou sèvis nan kad Seksyon 504/ADA vyole regleman disiplin yo ak a p konsidere pou sispansyon pou plis pase dis (10) jou kimilatif pandan ane eskolè a.
    - ii. Avan vennkat èdtan (24) tan rekòmandasyon pou sispansyon pwolonje a, direktè (tris)/ reprezantan li dwe bay paran responsab/responsab ak elèv ki genyen sispansyon pwopoze a, swadizan pou movèz konduit la, yon avètisman alekri, sou ki kote ak ki lè ekip pliridisiplinè 504 la ap fikse reyinyon an. Yo dwe bay enfòmasyon sou objektif, kantite patisipan ak ki kote reyinyon nan ap fè.

- iii. Paran responsab elèv la dwe enfòmè pou konnen ekip pliridisiplinè 504 la ap sèvi kòm ekip plan 504 la tou ak gen dwa kapab chanje plan Seksyon 504 elèv la. Y ap bay paran responsab elèv la yon kopi Garanti legal dwa paran an pou Seksyon 504/ADA a.
- iv. Kopi garanti legal dwa paran pou Seksyon 504/ADA a dwe poste ale jwenn paran an pamwayen kourye rekòmande oswa kourye ak resepsyon konfime (avi resepsyon egzijib) oswa direktè(tris) oswa reprezantan li dwe delivre kopi sa a pèsònèlman avan vennkat (24) èdtan pou pi piti avan reyinyon an. Yo dwe resevwa resi oswa avi respesyon pou lèt rekòmande a ak siyati paran an.
- v. Avan pou yo kapab mete elèv la deyò lekòl la pou rekòmandasyon sispansyon an, direktè(tris) oswa reprezantan li dwe fikse avèk ekip pliridisiplinè 504 la yon analiz ensidan ki te lakoz rekòmandasyon pou sispansyon an.
- vi. Manb komite a dwe genyen ladan kalite anplwaye sa yo:
  - A. Yon sikològ lekòl kòm moun ki gen konesans metòd evalyasyon dapre andikap la.
  - B. Si dosye andikap la se yon andikap medikal, enfimyè lekòl la dwe prezan pou pale avèk sikològ la.
  - C. Yon pwofesè, konseye akademik oswa yon moun apwopriye ki konnen elèv la.
  - D. Yon administratè (ki pa dwe administratè ki te fè rekòmandasyon an) kòm moun ki konnen metòd sispansyon/ranvwa definitif la.
- vii. Ekip pliridisiplinè 504 la dwe revize ka a ak detèmine si konduit elèv la te oswa pa t manifestasyon yon andikap ki lakoz li rive gen yon plan Seksyon 504. Men si elèv la se yon elèv ki nan pran dwòg oswa k ap bwè alkòl, Distri a pa oblije òganize odyans pou detèmine okenn manifestasyon pou yon ofans posesyon oswa izaj dwòg ilegal oswa alkòl; elèv sa a dwe resevwa sanksyon disiplin menm jan ak nenpòt lòt elèv nòmal pou izaj ak posesyon dwòg oswa konsomasyon alkòl, dapre règleman 5.1812 oswa 5.1813 [ak règleman 5.1815] epi l ap resevwa menm kalite tretman kòm sadwa ak èd pou moun k ap pran dwòg tankou sa fèt pou lòt elèv yo nan kad menm règleman sa yo.
- viii. Dwe gen yon revizyon pwogram aktyèl elèv la ak yon istwa sityasyon an ki fèt avan yo pran desizyon. Y ap analize ak pran an konsiderasyon enfòmasyon estaf anplwaye ki kalifye yo te bay sou sa.
- ix. Dwe gen yon konsansis ant diferan manb ekip la pou detèmine si wi oswa non konduit elèv la te manifestasyon yon andikap.
- x. Se fòm PBSB 1469, fòm dosye ADA/504, ki dwe itilize pou dokimante rapò ak rekòmandasyon komite a. Si komite a vle, li gen dwa itilize fòm konferans PBSB 1051 an.
- xi. Si ekip pliridisiplinè 504 la detèmine konduit elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a, yo gen dwa sispann elèv la nan lekòl la menm jan yo t ap sispann nenpòt lòt elèv ki pa gen yon plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif.
- xii. Si yo te detèmine konduit elèv la se te manifestasyon yon andikap, lalwa federal pa pèmèt yon distri lekòl sispann yon elèv ak refize ba li tout lòt sèvis edikatif yo.
- xiii. Yo gen dwa retire elèv la, men yo kontinye ba li kèk sèvis (menm jan pou elèv ki kalifye pou jwenn sèvis nan kad Lwa sou Edikasyon pou moun andikape yo ("IDEA")). Ekip pliridisiplinè 504 la dwe revize plan Seksyon 504 la ak fè modifikasyon ki nesèsè ak entansyon pou diminye konduit ki pa apwopriye yo.

#### **4. Ekspilsyon elèv nan kad lwa Seksyon 504/ADA a**

- a. Elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa Seksyon 504/ADA gen dwa jwenn rekòmandasyon pou ekspilse yo lekòl la dapre jan sa defini pou tout lòt elèv yo.
- b. Direktè(tris) lekòl la oswa reprezantan li dwe notifiye ekip pliridisiplinè 504 la imedyatman apre li fin rekòmande ekspilsyon yon elèv ki nan plan Seksyon 504.
- c. Anplis pwosedi rekòmande nan kad Règleman 5.1817 la, nan vennkat (24) èdtan apati lè rekòmandasyon pou ekspilsyon an, direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li dwe notifiye alekri paran responsab elèv li pwopoze pou ekspilsyon an, ak mansyone dat ak lè ekip pliridisiplinè 504 la ap fikse reyinyon pou detèmine si gen manifestasyon andikap.

Sepandan, si aktyèlman, elèv la se yon elèv ki nan pran dwòg oswa k ap bwè alkòl, Distri a pa oblije òganize odyans pou detèmine okenn manifestasyon pou ofans posesyon oswa izaj dwòg ilegal oswa alkòl; elèv sa a dwe resevwa sanksyon disiplin menm jan ak nenpòt lòt elèv nòmal pou izaj ak posesyon dwòg oswa konsomasyon alkòl, dapre règleman 5.1812 oswa 5.1813 ak règleman 5.1817 epi l ap resevwa menm kalite tretman kòmsadwa ak èd pou moun k ap pran dwòg tankou sa fèt pou lòt elèv yo nan kad menm règleman sa yo.

- d. Yo dwe delivre pa lapòs sou fòm lèt rekòmande oswa kourye ak konfimasyon resepsyon yon kopi notifikasyon sa a, yon kopi garanti lalwa dwa paran an ak yon kopi règleman sa (ak resi resepsyon egzijib), avètisman an, pwosedi sekirite yo, ak yon kopi Règleman sa a oswa direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li ap delivre l pèsònèlman epi resevwa yon kopi siyen.
- e. Si yo te detèmine pou jwenn konduit elèv la pa t manifestasyon yon andikap, **yo gen dwe mete elèv la deyò lekòl la** menm jan ak nenpòt lòt elèv ki pa nan plan aktif akomodasyon Seksyon 504 a. Nan yon sitiyasyon konsa, Seksyon 504 nan Lwa sou reyabilitasyon an kab pèmèt yo sispann tout lòt sèvis edikatif yo.
- f. Si yo te detèmine movèz konduit elèv la se te manifestasyon yon andikap, lalwa federal pa pèmèt yon distri lekòl sispann yon elèv ak refize ba li tout lòt sèvis edikatif yo. Yo kapab retire elèv la ak sispann tout lòt sèvis yo (menm jan ak yon elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa IDEA a).

<sup>1</sup> [Nòt pou (3)(b)(vii):] Manifestasyon yon andikap: Manifestasyon yon andikap vle di demontre yon seri konpòtman ki konsidere kòm yon pati ki konpoze andikap elèv la soufri a.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.42(22); 1001.43(1), (6), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 1001.43(1), (6); 1003.01(5), (6); 1003.53, Fla. Stat.

RÈGLEMEN KOMITE ETA 6A-6.0331(8)  
A AJOUTE

DOSYE ISTORIK: 14/01/2002; 01/11/2004